

## FÒMILÈ KONSANTMAN RHIO BRONX RHIO, INC

Nan Fòmilè Konsantman sa a, ou ka chwazi si wi ou non ou otorize Name of Participant pou l'jwenn aksè ak dosye medikal ou yo atravè yon rezo enfòmatik ke Bronx RHIO, Inc ap jere, e ki se yon pati nan rezo enfòmatik nasyonal la. Sa ka ede nou kolekte dosye medikal ou genyen nan diferan kote ou te jwenn swen sante yo, epi pou n mete yo disponib sou fòma elektwonik nan biwo nou an.

Ou ka itilize Fòmilè Konsantman sa a pou w deside si wi ou non ou otorize Name of Participant pou l'wè epi pou l'jwenn aksè ak dosye sante elektwonik ou yo nan fason sa a. Ou ka bay konsantman w oswa ou ka refize bay li, epi fòmilè sa a ou ka ranpli l'kounye a oswa pita nan yon lòt dat. **Chwa ou fè a p ap afekte kapasite w pou w jwenn swen medikal oswa kouvèti asirans sante. Chwa w pou w bay konsantman w oswa pou w refize bay li pa dwe yon rezon pou yo refize ba w sèvis swen sante.**

Si w mete yon tchèk nan kaz "**MWEN BAY KONSANTMAN M**" ki pi ba a, sa vle di ke w di "Wi, estaf Name of Participant ki angaje nan swen sante m nan ka wè epi jwenn aksè ak tout dosye medikal mwen yo atravè Bronx RHIO, Inc."

Si w mete yon tchèk nan kaz "**MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN M**" ki pi ba a, sa vle di ke w di "Non, Name of Participant pa gen dwa jwenn aksè ak dosye medikal mwen yo atravè Bronx RHIO, Inc pou kèlkeswa rezon an.

Bronx RHIO, Inc se yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi. Li pataje enfòmasyon konsènan sante moun sou fòma elektwonik epi an tout sekirite pou amelyore kalite sèvis swen sante yo. Tip pataj sa a rele sibèsante oswa teknoloji enfòmasyon sou sante (sante enfòmatik). Pou w aprann plis konsènan sibèsante nan Eta Nouyòk, li bwochi a, "Better Information Means Better Care (Pi Bon Enfòmasyon Vle Di Pi Bon Swen)." Ou ka mande Name of Participant pou li, oswa ale sou sit entènèt la nan [www.ehealth4ny.org](http://www.ehealth4ny.org).

**Tanpri li ak anpil atansyon enfòmasyon ki nan do fòmilè sa a anvan w pran desizyon w lan.**

**Chwa Konsantman w Yo.** Ou ka ranpli fòmilè sa a kounye a oswa apre. Ou gen de chwa.

- MWEN BAY KONSANTMAN M pou Name of Participant aksede ak TOUT** enfòmasyon elektwonik sou sante m atravè Bronx RHIO, Inc nan lide pou founi m tout sèvis swen sante, ki gen ladan tou swen dijans.
- MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN M pou Name of Participant aksede ak** enfòmasyon elektwonik sou sante m atravè Bronx RHIO, Inc pou kèlkeswa rezon an, *menm nan yon ka dijans medikal.*

**Si w pa di anyen ki kontrè ak sa, Iwa Eta Nouyòk la otorize moun k ap trete w nan yon ka dijans pou yo jwenn aksè ak dosye medikal ou yo, ki gen ladan sa ki disponib atravè Bronx RHIO, Inc.**

Si w vle refize bay konsantman w pou tout Òganizasyon Founisè Swen ak Plan Sante ki fè pati de Bronx RHIO, Inc pou jwenn aksè ak enfòmasyon elektwonik sou sante w atravè Bronx RHIO, Inc, ou ka fè l'lè w al sou sit entènèt Bronx RHIO, Inc lan nan [www.bronxrhio.org](http://www.bronxrhio.org) oswa lè w rele Bronx RHIO, Inc nan 718-708-6630.

Mwen konprann ke lè mwen mande sa, Bronx RHIO, Inc fèt pou li founi m lis moun ak òganizasyon ki te resewa enfòmasyon elektwonik sou sante m yo selon kondisyon fòmilè sa a.

---

Non Pasyan an Ekri avèk Lèt Majiskil Detache

---

Dat Nesans Pasyan an

---

Siyati Pasyan an oswa Reprezantan Legal Pasyan an

---

Dat

---

Non Reprezantan Legal Pasyan an Ekri avèk Lèt Majiskil Detache (si sa aplikab)

---

Relasyon Reprezantan Legal la genyen ak Pasyan an (si sa aplikab)

## **Detay konsènan enfòmasyon sou pasyan nan Bronx RHIO, Inc ak pwosesis konsantman an:**

**1. Kijan Yo Ka Itilize Enfòmasyon w yo.** N ap itilize enfòmasyon elektwonik sou sante ou yo **sèlman** pou sèvis swen sante nou pral site la yo:

- **Sèvis Tretman.** Sèvis sa yo founi w sèvis tretman medikal ak sèvis ki gen rapò ak tretman, epitou nan sèvis sa yo n ap mete enfòmasyon w yo disponib pou lòtfounisè swen k ap trete w yo, pou ede yo asire ke w jwenn tretman medikal ou bezwen an.
- **Verifikasiyon Elijibilite pou Asirans.** N ap verifye si wi ou non ou gen asirans sante epi kisa li kouvari.
- **Aktivite Jesyon Swen.** Nan aktivite sa yo n ap asiste w pou w jwenn swen medikal ki apwopriye yo, n ap amelyore kalite sèvis y ap founi w yo, n ap kowòdone diferan sèvis swen sante ke yo founi w yo, oswa n ap sipòte w nan suiyon plan swen medikal.
- **Aktivite Amelyorasyon Kalite.** Nou evalye epi amelyore kalite swen medikal yo founi ni ou ni tout pasyan yo.

**NÒT:** Chwa ke w fè nan Fòmilè Konsantman sa a PA otorize konpayi asirans sante yo pou yo gen aksè ak enfòmasyon w yo nan objektif pou yo deside si wi ou non yo dwe ba w asirans sante oswa peye bòdwo w yo. Ou ka fè chwa sa a nan yon Fòmilè Konsantman separe ke konpayi asirans sante yo dwe itilize.

**2. Ki Tip Enfòmasyon Konsènan Ou Menm ke Nou Enkli.** Si w bay konsantman w, Name of Participant ka gen aksè ak TOUT enfòmasyon elektwonik sou sante ou yo ki disponib atravè RHIO a. Sa enkli enfòmasyon yo te kreye anvan ak apre dat Fòmilè Konsantman sa a. Dosye medikal ou yo ka gen ladan yo yon istorik maladi oswa blesi ou te genyen (tankou dyabèt oswa zo kase), rezulta tès ou yo (tankou radyografi oswa tès san), epi lis medikaman ke w te pran yo. Enfòmasyon sa a ka gen rapò ak kondisyon sante ki sansib yo, ki ka gen ladan yo, men san se pa sa yo sèlman:

Pwoblèm itilizasyon alkòl oswa dwòg

VIH/SIDA

Planin ak avòtman (planin famillyal)

Pwoblèm sante mantal

Maladijenetik (ereditè) oswa tès

Maladi seksyèlman transmisib

Si w te resewva swen pou alkolis oswa pou itilizasyon eksesif dwòg, dosye w la ka gen ladan l enfòmasyon ki gen rapò ak dyagnostik sou alkolis oswa sou itilizasyon eksesif dwòg ou yo, medikaman ak dozaj yo, tès laboratwa yo, alèji, istorik sou abisibstans, istorik twomatis, egzeyat lopital, anplwa, kondisyon lavi ak sipò sosyal, epi istorik reklamasyon asirans sante w yo.

**3. Ki Kote Enfòmasyon Sante Sou Ou Yo Soti.** Enfòmasyon sou ou yo soti nan kote ki te founi w swen medikal oswa asirans sante ("Sous Enfòmasyon"). Sa yo ka enkli lopital, doktè, famasi, laboratwa klinik, konpayi asirans sante, pwogram Medicaid la, ak lòt òganizasyon sibèsante ki fè echanj enfòmasyon sante sou fòma elektwonik. Yon lis konplè Sous Enfòmasyon aktiyèl yo disponib nan men BronxRHIO, Inc. Ou ka jwenn yon lis Sous Enfòmasyon ajou nenpòt kilè lè w tcheke sit entènèt Bronx RHIO, Inc lan nan [www.bronxrhio.org](http://www.bronxrhio.org) oswa lè w rele 718-708-6630.

**4. Kiyès ki Ka Jwenn Aksè ak Enfòmasyon Sou ou yo, Si W Bay Konsantman w.** Se sèlman moun sa yo ki ka jwenn aksè ak enfòmasyon sou ou: doktè ak lòt founisè swen sante k ap sèvi nan estaf medikal Name of Participant la ki enplike nan swen medikal ou; founisè swen sante k ap kouvari pou oswa ki desèvis pou doktè Name of Participant yo; epi manm estaf ki reyalize aktivite ke Fòmilè Konsantman saa pèmètjan li dekri pi wo a nan premye paragrafa la. Anplis de sa, Name of Participant ka mete enfòmasyon w yo disponib pou lòtfounisè swen k ap trete w yo, pou ede yo asire ke w jwenn tretman medikal ou bezwen an.

**5. Sanksyon pou Itilizasyon oswa Aksè ak Enfòmasyon W yo ki pa Apwopriye.** Gen sanksyon yo prewwa pou itilizasyon oswa aksè ak enfòmasyon sou sante w ki pa apwopriye. Si nenpòt kilè ou sispèk ke gen moun ki pa ta dwe wè oswa ki pa ta dwe gen aksè ak enfòmasyon sou ou, ki rive genyen yo, rele Bronx RHIO, Inc. lan nan: 718-708-6630; oswa ale sou sit entènèt Bronx RHIO, Inc lan nan: [www.bronxrhio.org](http://www.bronxrhio.org); oswa rele Depatman Sante Eta Nouyòk la nan 518-474-4987; oswa suivpwosesis pou pote plentlan nan Biwo federal pou Dwa Sivil la nan Iyen sa a: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/>

**6. Re-divilgasyon Enfòmasyon.** Name of Participant ka re-divilge nenpòt enfòmasyon sante elektwonik konsènan ou menm bay lòt moun, sèlman nan limit ke lwa ak règleman etatik ak federal yo pèmèt. Sa vre tou pou enfòmasyon sante konsènan ou menm ki egziste sou papye. Kèk lwa etatik ak federal prewwa pwoteksyon espesyal pou kèk tip enfòmasyon sante ki sansib, ki enkli VIH/SIDA ak tretman pou alkolis ak dwòg. Yo oblige suivegjijans espesyal sa yo kèlkeswa lè yon moun resewva tip enfòmasyon sante ki sansib sa yo. Bronx RHIO, Inc ak moun ki gen aksè ak enfòmasyon sa a atravè Bronx RHIO, Inc lan dwe respekte egzijans sa yo.

**7. Peryòd Validite.** Fòmilè Konsantmansa a ap rete valid jiska jou ou anile konsantman w lan oswa jiska moman ke RHIO a sispann fonksyone oswa jiska 50 lane apre lanmò w, toudepann de sa ki fèt pi ta a.

**8. Anilasyon Konsantman W lan.** Ou ka chanje lide nenpòt kilè depi ou konplete epi siyen yon nouvo Fòmilè Konsantman epi remèt li bay Name of Participant. Ou ka jwenn fòmilè sa a sou sit entènèt Bronx RHIO, Inc lan nan [www.bronxrhio.org](http://www.bronxrhio.org) oswa nan men founisè swen w lan. **Nòt: Òganizasyon ki jwenn aksè ak enfòmasyon sante w yo atravè Bronx RHIO, Inc pandan konsantman w lan valid la kapab kopye oswa enkli enfòmasyon w lan nan pwòp dosye medikal pa yo.** Menm si w deside annapre pou w anile konsantman w lan, yo pa gen obligasyon pou yo ni retounen ni retire enfòmasyon an nan dosye yo.

**9. Kopi Fòmilè a.** Se dwa w pou w gen yon kopi Fomilè Konsantman sa a apre w fin siyen I.

**10. Aksè pou Òganizasyon Sante Piblik ak Òganizasyon ki kolekte Ògàn.** Lalwa otorize ajans sante piblik federal, etatik oswa lokal yo ak sèten òganizasyon ki kolekte ògàn pou yo jwenn aksè ak enfòmasyon sante san konsantman pasyan an pou rezon sante piblik ak grëf ògàn. Enstitisyon sa yo ka jwenn aksè ak enfòmasyon w yo atravè Bronx RHIO, Inc nan objektiif sa yo kit ou te bay konsantman w, kitou te refize bay konsantman an os wa kitoupa t ranpli yon fòmilè konsantman.